



# Gid Plan-Lekti-Lakay Klas Ane K-5

## 2024-2025



*Motive. Angaje. Enspire. Grandi.*  
Elementary Learning Department

## Tab Matyè Yo

Lèt pou Enfòmè Paran .....	3
Kolabore avèk Paran/Gadyen .....	4
Estrateji Milti-sansoryèl pou Sipòte Lekti.....	5
Gid pou Paran pou Lang Angle (English Language Arts) .....	6
Yon Sid pou Fanmi Sistèm Sipò Plizyè Nivo .....	7
Satisfè Bezwen Aprantisaj Tout Aprenan .....	8
Apèsi Konpozan Esansyèl Lekti .....	10
Langaj Oral .....	11
Konsyans Fonolojik.....	12
Fonik.....	13
Fasilite -Fluency.....	12
Vokabilè.....	13
Konpreyasyon .....	16
Enpòtans pou Elèv yo Vin Lekòl Regilyèman .....	18
Inisyativ Lekti New Worlds /Reading Initiative New Worlds .....	19
Kont Bous New Worlds Scholarship Accounts .....	20
Apèsi Ekzamen ak Evalyasyon /Overview of Assessments .....	21
Resous Literasi .....	20
Referans.....	22



## Lèt pou Enfòmè Paran

Paran/Gadyen,

Kòm paran, ou se premye pwofesè pitit ou epi pwofesè ki pi enpòtan an. Ou jwe yon wòl esansyèl nan siksè akademik pitit ou. Fè lekti ansanm ak pitit ou, menmsi se sèlman 20 minit chak jou, se yon metòd pwouve ki devlope byen bonè langaj ak literasi. Nou ankouraje ou mete ann aplikasyon, lakay ou, toulejou, kèk estrateji ak teknik senp ki va gen yon enpak pozitif sou siksè ak reyisit pitit ou lekòl.

Broward County Public Schools (BCPS) – Lekòl Piblik Broward County pran angajman ede tout timoun atenn pi wo potansyèl yo kòm aprenan lavi diran epi vin lektè konpetan rive klas twazyèm ane. BCPS kreye yon Read-at-Home Plan (Plan-Lekti-Lakay) pou fasilite konesans nan langaj ak literasi. Bi plan-lekti-lakay se bay paran/gadyen konsèy ak resous ki nesèsè pou ede asire pitit yo reyisi lekòl. Plan-Lekti-Lakay enkli estrateji ak teknik pou lekti ak milti-sansoryèl ou kapab enplimante lakay nan kad woutin toulejou oswa lè ou an deplasman. Plan an va ede ou fè yon enpak pozitif sou reyisit pitit ou lekòl. Estrateji miltisansoryèl ki entegre aprantisaj vizyèl, tandè, taktil, (touche), ak kinestezik (mouvman) enkli nan plan an pou asiste elèv yo konprann mye nouvo enfòmasyon, aprann metòd ki va fè yo retni enfòmasyon, epi gen plis fason pou chonje enfòmasyon an pita.

Nou ankouraje ou pale ak pwofesè pitit ou epi vizite koleksyon resous sou paj **BCPS Supporting Young Learners Canvas** (Ankadre Aprenan ki Jenn BCPS) sou sit <https://browardschools.instructure.com/courses/627242> pou enfòmasyon ak estrateji adisyonèl.

Sensèman,  
BCPS Office of Academics  
Ofis Akademik BCPS



## Kolabore avèk Paran/Gadyen

Rechèch-yo sigjere fè lekti lakay ou ede pitit ou aprann itilize langaj pale, devlope vokabilè, amelyore kapasite li pou koute, epi devlope lespri kritik. Pou pitit ou vin yon lektè konpetan epi endepandan, sa mande pratik. Etid yo pwouve si yon timoun konsakre yon bon pati nan tan li ap fè lekti, se plis li va fè pwogrè epi reyisi lekòl.

### Kouman Paran Kapab Ede

Tablo anba a ofri sijasyon ak konsèy senp ou kapab mete ann aplikasyon lè wap li ak pitit ou lakay ou. Kòm paran ou ka ede pitit ou vin yon lektè konpetan.

Anvan Ou Li	Pandan Wap Li	Aprè Ou Fin Li
Atire atansyon pitit ou sou tit liv la.	Lonje dwèt ou sou mo spesifik nan yon tèks.	Mande pitit ou pataje sa li chonje de istwa a.
Diskite/pale sou sijè tèks/pasaj lekti a ka petèt trete.	Atire atansyon pitit ou sou jan liv la enprime.	Pale sou pati lekti a oumenm ak pitit ou prefere.
Gade tèks lekti a epi pale sou imaj ak foto ki fè pati lekti a.	Li awòtwa pou pitit ou.	Pale sou sa nou aprann nan lekti a.
Chèche yon kote konfòtab epi fè lekti ansanm ak pitit ou.	Echo read (ou li yon fraz, epi pitit ou repete apre ou).	Ede fè koneksyon ant lekti a ak lavi pitit ou oswa lòt liv pitit ou te li deja.
Louvri toudebò liv la pou montre imaj ak foto.	Fè lekti ansanm epi anmenmtan.	Mande pitit ou rakonte istwa a ankò.
Fè prediksyon osijè tèks/pasaj lekti a.	Pale ak pitit ou sou lekti a.	Pale ak pitit ou sou jan nou ka imajinen yon swit pou istwa a.

### **Kindègadenn – Klas Premye Ane (First Grade)**

- Li liv, *predictable books* (liv previzib), pou pitit ou. Anseye pitit ou tande epi repete mo, tankou non koulè, chif, lèt, ak zannimo. Liv previzib ede timoun yo konprann òganizasyon istwa epi jan istwa a ap pwogrese. Yon timoun aprann fasil fraz ki fanmiye epi repete yo, fè sanblan lap li toutbon.
- Li liv ki gen mo ki rime epi pratike son langaj epitou fè aktivite jwèt senp (egzanp, *Konbyen mo nouvo ou ka konstwi ki sonnen tankou mo “bat”?*)
- Kreye/monte yon bibliyotèk lakay epi ankouraje lekti pou amizman ak diskisyon an fanmi.
- Lonje dwèt ou sou relasyon lèt-son nan mo pitit ou ap aprann, gade sou etikèt, bwat, journal ak revi.
- Lè pitit ou pote liv lakay ou koute pitit ou kap li mo epi kap fè lekti liv yo. Pran pasyans epi koute pitit ou pandan lap pratike. Fè li konnen ou gen anpil fyète koute sa lap li epi apresye efò li.

### **Klas Dezyèm – Senkyèm Ane (Second - Fifth Grade)**

- Fè pitit ou li awòtwa pou amelyore presizyon nan lekti epi lonje dwèt ou sou mo li te manke epi apresya ede pitit ou li kòrèkteman tout mo-yo. Si ou pat prete atansyon a yon mo, mande pitit ou reli tout fraz la nèt pou fè sèten li konprann sans fraz la.
- Devlope abilitè nan vokabilè, jwe jwèt ak fanmi ou tankou Scrabble, Boggle, oswa Hangman.
- Nan bibliyotèk lakay ou, mete liv pou timoun, liv ak chapit, woman grafik tankou bann desine, revi.

*\*Taken from the U.S. Department of Education [“Helping Your Child Become A Reader.”](#)*

### Kouman Lekòl yo Kapab Ede

Pwofesè saldeklas la va detèmine si yon elèv gen difikilte nan lekti. Pwofesè a va konsilte avèk paran/gadyen pou enplimante yon plan pwogrè kontwole [Progress Monitoring Plan (PMP)]. Plan PMP prepare pou founi elèv la entèvansyon ki apwopriye kap satisfè youn oswa plizyè bezwen aprantisaj spesifik timoun lan. Pitit ou va pote lakay ou yon kopi plan an konsa paran/gadyen ap okouran de tout entèvansyon pitit li ap resevwa. Nou ankouraje ou pran yon randevou ak pwofesè pitit ou epi diskite pipis bezwen aprantisaj ki te idantifye ensike plan ki adrese feblès ak lakin pitit ou. Pwofesè pitit ou ap pataje ak ou teknik ou kapab itilize lakay ou pou ede pitit ou. Bi nou se travay an kolaborasyon ak ou epi asire pitit ou atenn tout potansyèl akademik li.



## Estrateji Miltisansoryèl pou Ede Aprantisaj Lekti

Estrateji miltisansoryèl entegre aprantisaj vizyèl (wè), oditif (tande), taktil (touche) ak kinestezik (mouvman) pou ede elèv yo konprann nouvo enfòmasyon, aprann metòd ki va fè yo retri enfòmasyon epitou gen plis fason pou ede elèv-yo memorize epi chonje enfòmasyon an pita. Gendefwa nou kapab itilize sans goute. Diferan metòd sa-yo estimile diferan pati nan sèvo. Sa ede elèv yo dekouvri estil aprantisaj yo, ki inik, epitou dekouvri kilès nan teknik yo bay pi bon rezilta pou aprantisaj yo. Estrateji miltisansoryèl efikas pou tout aprenan epi ede elimine baryè nan aprantisaj. Plizyè estrateji ak teknik nan plan Lekti-Lakay entegre estrateji miltisansoryèl. Men kèk estrateji pou chak metòd aprantisaj.

### Vizyèl - Visual

- Itilize penti, afich/postè, videyo, eleman kreyatif vizyèl, ak èd vizyèl.
- Jwe tic-tac-toe ak mo yo.
- Kreye *word flip books*, yon liv animasyon (folyo-skòp).
- Lonje dwèt ou sou lèt ak mo, vre sityasyon nan lavi reyèl ak nan anviwonman.
- Itilize òganizatè grafik/*graphic organizers* pou ede ak konpreyansyon istwa epi redi istwa plizyè fwa.

### Oditory - Auditory

- Itilize mizik, chante, son rimèn, ton odyo, lirik, bat men, ak konvèsasyon.
- Entegre kadans ak ritm nan woutin nou toulejou.
- Li powèm ak liv ki gen mo rimèn.
- Jwe jwèt Tongue Twisters (vire lang, difikilte pwononse mo).
- Li ak yon vwa fò. Repete lekti. Anrejistre lekti pitit ou fè.
- Model, mande pitit ou imite ou ou lè wap li ak espresyon.
- Koute liv anrejistre sou CD oswa yon iPod.
- Ale fè yon pwomnad, mache epi anrejistre tout son ou tandè.

### Taktil (touche) - Tactile (touch)

- Itilize lèt mayetik/*letter tiles*, monnen, domino, sab, papye ak liy/*raised line paper*, teksti, penti sou dwèt.
- Itilize krèm bab (shaving cream), awwann (oatmeal), oswa mayi moulen (cornmeal) pou ekri lèt ak mo.
- Eple epi grave mo avèk/sou patamodele.
- Itilize fèy sable (sandpaper), lakrè, ak pyès Legos pou konpoze lèt/mo.

### Kinestezi (mouvman) - Kinesthetic (movement)

- Pratike ekri nan lè ak sab.
- Avèk dwèt ou, ekri lèt sou do pitit ou epi mande pitit ou devinen ki lèt ou ekri.
- Itilize mouvman kò ou pou son-yo sote alakòd epi bat men an kadans.
- Manipile lèt ak/oswa mo avèk blòk, pèl, jeton bingo, lèt mayetik, *letter tiles*, pyès alfabèt (stamps), oswa penti gonflan (puffy paint).
- Apre ou fin koute yon istwa, monte yon ti pyès teyat baze sou istwa a.
- Itilize maryonèt pou rejwe yon istwa oswa fè yon mizansèn sa va ede devlope fasilite langaj timoun lan.
- Pran yon balon pou laplaj epi kreye yon balon konpreyansyon (comprehension ball). Make sou balon an Kilès, Kisa, Kilè, Ki kote, Poukisa epi Kouman (*Who, What, When, Where, Why, and How*). Voye balon an bay pitit ou epi mande pitit ou reponn yon kesyon alafwa.
- Fè yon aktivite avèk son. Jwe jwèt Tèt, Zepòl, Jenou ak Zòtèy. Di yon mo epi mande pitit ou touche tèt li sou premye son, zepòl sou dezyèm son, epi jenou pou twazyèm son pandan pitit ou ap pwononse chak son.

### Gou - taste (Prekosyon ak avètisman: Tanpri konsidere nenpòt alèji pitit ou kapab genyen.)

- Itilize patamodele pafime (Play-Doh), makè, beny mousan (bubble) pou desine oswa fè lèt/mo.
- Chache non manje ki kòmanse ak lèt alfabèt nap etidye kounyea. Egzanp: *m* pou mango, muffin, makawoni, mushrooms (chanpiyon), ak lèt (milk).
- Itilize fwonmaj (cheese whiz) pou ekri lèt sou bonbon krakèz. Konbine lèt yo pou eple non, mo itilize souvan (sight words) epi fè aranjman fonik.



# Gid pou Paran pou Lang Angle

The B.E.S.T. Standards for English Language Arts (ELA) – Nòm Angle B.E.S.T. pou elèv Florid se nòm literasi ak alfabetizasyon kap fòme edikasyon yo epi kap fè Florid vin eta ki pi alfabetize nan nasyon an. Diplis, Aprantisaj Bonè Florid ak Estanda Devlopman (*Florida Early Learning and Developmental Standards*) reflete konsepsyon ak kapasite timoun depi nesans rive laj 5an ta dwe konnen epi akeri. Ansanm, the B.E.S.T. ak Aprantisaj Bonè Florid epi Estanda Devlopman ap fasilite pwogrè nan etid pou elèv Florid resevwa yon edikasyon nivo entènasyonal epi prepare yo pou yon avni plen ak reyisit.

Tanpri vizite anba a lyen [Just Read, Florida!](#) pou plis enfòmasyon epi ou ka sipòte pitit ou nan klas lap fè a, **klike sou imaj yo.**

**K**

**FLORIDA'S B.E.S.T. STANDARDS**  
THE FLORIDA BENCHMARKS FOR EXCELLENT STUDENT THINKING (B.E.S.T.) STANDARDS  
Parent Guide for Kindergarten English Language Arts

**PREPARING FLORIDA CHILDREN FOR A SUCCESSFUL FUTURE**

The B.E.S.T. Standards for English Language Arts (ELA) are literacy standards for Florida students that will shape their education and make Florida the most literate state in the nation. The B.E.S.T. Standards will pave the way for Florida students to receive a world-class education and prepare them for a successful future.

Education leaders across the state of Florida improved the academic content standards, creating new expectations for what students need to know and be able to do. These benchmarks are goals that students are expected to achieve by the end of the school year. The B.E.S.T. Standards are designed to ensure that all students reach their greatest potential.

Preparing your child for success begins in kindergarten and continues as your child moves up through each grade. This guide will support parents and families with children in kindergarten by helping you:

**THESE STANDARDS EMPHASIZE:**

- Explicit and systematic phonics instruction
- Critical thinking skills
- A deep respect for literature from historic time periods
- Knowledge building through content-rich texts

**LEARN** about the B.E.S.T. Standards and why they matter for your child.

**TALK** with your child's teachers about what he/she will be learning in the classroom.

**LOCATE** activities and resources to support your child's learning in practical ways at home.

**UNDERSTAND** important educational practices that you will see in your child's grade-level standards.

**LEARN ABOUT THE KINDERGARTEN STANDARDS**

**1**

**FLORIDA'S B.E.S.T. STANDARDS**  
THE FLORIDA BENCHMARKS FOR EXCELLENT STUDENT THINKING (B.E.S.T.) STANDARDS  
Parent Guide for Grade 1 English Language Arts

**PREPARING FLORIDA CHILDREN FOR A SUCCESSFUL FUTURE**

The B.E.S.T. Standards for English Language Arts (ELA) are literacy standards for Florida students that will shape their education and make Florida the most literate state in the nation. The B.E.S.T. Standards will pave the way for Florida students to receive a world-class education and prepare them for a successful future.

Education leaders across the state of Florida improved the academic content standards, creating new expectations for what students need to know and be able to do. These benchmarks are goals that students are expected to achieve by the end of the school year. The B.E.S.T. Standards are designed to ensure that all students reach their greatest potential.

Preparing your child for success begins in kindergarten and continues as your child moves up through each grade. This guide will support parents and families with children in first grade by helping you:

**THESE STANDARDS EMPHASIZE:**

- Explicit and systematic phonics instruction
- Critical thinking skills
- A deep respect for literature from historic time periods
- Knowledge building through content-rich texts

**LEARN** about the B.E.S.T. Standards and why they matter for your child.

**TALK** with your child's teachers about what he/she will be learning in the classroom.

**LOCATE** activities and resources to support your child's learning in practical ways at home.

**UNDERSTAND** important educational practices that you will see in your child's grade-level standards.

**LEARN ABOUT THE FIRST GRADE STANDARDS**

**2**

**FLORIDA'S B.E.S.T. STANDARDS**  
THE FLORIDA BENCHMARKS FOR EXCELLENT STUDENT THINKING (B.E.S.T.) STANDARDS  
Parent Guide for Grade 2 English Language Arts

**PREPARING FLORIDA CHILDREN FOR A SUCCESSFUL FUTURE**

The B.E.S.T. Standards for English Language Arts (ELA) are literacy standards for Florida students that will shape their education and make Florida the most literate state in the nation. The B.E.S.T. Standards will pave the way for Florida students to receive a world-class education and prepare them for a successful future.

Education leaders across the state of Florida improved the academic content standards, creating new expectations for what students need to know and be able to do. These benchmarks are goals that students are expected to achieve by the end of the school year. The B.E.S.T. Standards are designed to ensure that all students reach their greatest potential.

Preparing your child for success begins in kindergarten and continues as your child moves up through each grade. This guide will support parents and families with children in second grade by helping you:

**THESE STANDARDS EMPHASIZE:**

- Explicit and systematic phonics instruction
- Critical thinking skills
- A deep respect for literature from historic time periods
- Knowledge building through content-rich texts

**LEARN** about the B.E.S.T. Standards and why they matter for your child.

**TALK** with your child's teachers about what he/she will be learning in the classroom.

**LOCATE** activities and resources to support your child's learning in practical ways at home.

**UNDERSTAND** important educational practices that you will see in your child's grade-level standards.

**LEARN ABOUT THE SECOND GRADE STANDARDS**

**3**

**FLORIDA'S B.E.S.T. STANDARDS**  
THE FLORIDA BENCHMARKS FOR EXCELLENT STUDENT THINKING (B.E.S.T.) STANDARDS  
Parent Guide for Grade 3 English Language Arts

**PREPARING FLORIDA CHILDREN FOR A SUCCESSFUL FUTURE**

The B.E.S.T. Standards for English Language Arts (ELA) are literacy standards for Florida students that will shape their education and make Florida the most literate state in the nation. The B.E.S.T. Standards will pave the way for Florida students to receive a world-class education and prepare them for a successful future.

Education leaders across the state of Florida improved the academic content standards, creating new expectations for what students need to know and be able to do. These benchmarks are goals that students are expected to achieve by the end of the school year. The B.E.S.T. Standards are designed to ensure that all students reach their greatest potential.

Preparing your child for success begins in kindergarten and continues as your child moves up through each grade. This guide will support parents and families with children in third grade by helping you:

**THESE STANDARDS EMPHASIZE:**

- Explicit and systematic phonics instruction
- Critical thinking skills
- A deep respect for literature from historic time periods
- Knowledge building through content-rich texts

**LEARN** about the B.E.S.T. Standards and why they matter for your child.

**TALK** with your child's teachers about what he/she will be learning in the classroom.

**LOCATE** activities and resources to support your child's learning in practical ways at home.

**UNDERSTAND** important educational practices that you will see in your child's grade-level standards.

**LEARN ABOUT THE THIRD GRADE STANDARDS**

**4**

**FLORIDA'S B.E.S.T. STANDARDS**  
THE FLORIDA BENCHMARKS FOR EXCELLENT STUDENT THINKING (B.E.S.T.) STANDARDS  
Parent Guide for Grade 4 English Language Arts

**PREPARING FLORIDA CHILDREN FOR A SUCCESSFUL FUTURE**

The B.E.S.T. Standards for English Language Arts (ELA) are literacy standards for Florida students that will shape their education and make Florida the most literate state in the nation. The B.E.S.T. Standards will pave the way for Florida students to receive a world-class education and prepare them for a successful future.

Education leaders across the state of Florida improved the academic content standards, creating new expectations for what students need to know and be able to do. These benchmarks are goals that students are expected to achieve by the end of the school year. The B.E.S.T. Standards are designed to ensure that all students reach their greatest potential.

Preparing your child for success begins in kindergarten and continues as your child moves up through each grade. This guide will support parents and families with children in fourth grade by helping you:

**THESE STANDARDS EMPHASIZE:**

- Explicit and systematic phonics instruction
- Critical thinking skills
- A deep respect for literature from historic time periods
- Knowledge building through content-rich texts

**LEARN** about the B.E.S.T. Standards and why they matter for your child.

**TALK** with your child's teachers about what he/she will be learning in the classroom.

**LOCATE** activities and resources to support your child's learning in practical ways at home.

**UNDERSTAND** important educational practices that you will see in your child's grade-level standards.

**LEARN ABOUT THE FOURTH GRADE STANDARDS**

**5**

**FLORIDA'S B.E.S.T. STANDARDS**  
THE FLORIDA BENCHMARKS FOR EXCELLENT STUDENT THINKING (B.E.S.T.) STANDARDS  
Parent Guide for Grade 5 English Language Arts

**PREPARING FLORIDA CHILDREN FOR A SUCCESSFUL FUTURE**

The B.E.S.T. Standards for English Language Arts (ELA) are literacy standards for Florida students that will shape their education and make Florida the most literate state in the nation. The B.E.S.T. Standards will pave the way for Florida students to receive a world-class education and prepare them for a successful future.

Education leaders across the state of Florida improved the academic content standards, creating new expectations for what students need to know and be able to do. These benchmarks are goals that students are expected to achieve by the end of the school year. The B.E.S.T. Standards are designed to ensure that all students reach their greatest potential.

Preparing your child for success begins in kindergarten and continues as your child moves up through each grade. This guide will support parents and families with children in fifth grade by helping you:

**THESE STANDARDS EMPHASIZE:**

- Explicit and systematic phonics instruction
- Critical thinking skills
- A deep respect for literature from historic time periods
- Knowledge building through content-rich texts

**LEARN** about the B.E.S.T. Standards and why they matter for your child.

**TALK** with your child's teachers about what he/she will be learning in the classroom.

**LOCATE** activities and resources to support your child's learning in practical ways at home.

**UNDERSTAND** important educational practices that you will see in your child's grade-level standards.

**LEARN ABOUT THE FIFTH GRADE STANDARDS**




# Gid pou Fanmi konsènan Sistèm Sipò Plizyè Nivo

Kisa MTSS ye?

Sistèm Sipò Plizyè Nivo (Multi-Tiered System of Supports) se fason distri epi chak lekòl òganize pou founi edikasyon kap asire tout elèv resevwa enstriksyon yo bezwen pou yo reyisi. Yon lekòl ki fonksyone kòm yon MTSS rekonèt bezwen aprantisaj elèv yo varye epitou pi bon fason lekòl la ka ede elèv yo reyisi se founi enstriksyon ki matche bezwen aprantisaj elèv yo. Nan kad MTSS, pwofesè kontwole pwogrè elèv avèk anpil atansyon, veye aske elèv resevwa enstriksyon efikas epitou founi sipò sible epi endividyalize lè sa nesesè.

Kisa enstriksyon pa nivo ye epi kouman sa ka ede pitit mwen?

Yo ka dekri enstriksyon pa nivo senpleman kòm nivo sipò disponib pou chak elèv. Pou anpil elèv, enstriksyon regilye kotidyen nan saldeklas sifi pou yo satisfè avèk siksè atant nivo klas yap fè. Sepandan, tankou nenpòt elèv kap aprann yon nouvo kapasite oswa konsèp, kèk elèv bezwen plis sipò pou yo reyisi. Poutèsa, lekòl yo planifye nan sans sa epi prepare pou founi sipò ak èd siplemantè, anfonksyon sa elèv yo bezwen, nan moman yo bezwen èd la.



**Nivo 1 / Tier 1** fè referans a tout sa lekòl la founi tout elèv yo, epi sa lekòl la anseye chak elèv nan yon saldeklas, nivo eskolè, oswa kou pandan yon jounen lekòl. Menmsi enstriksyon Nivo 1 efikas, kèk elèv ap bezwen sipò adisyonèl pou aprann byen nòm klas yap fè. Sipò siplemantè konni sou non entèkansyon “Nivo 2” epi “Nivo 3”.



**Nivo 2 / Tier 2** entèkansyon òganize pa domenn kapasite. Ti gwoup elèv resevwa ansèyman epi pandan yon peryòd tan lekòl la kontwole/swiv pwogrè elèv yo. Lekòl la ap founi entèkansyon Sipò Nivo 2 anplis Nivo 1, osilontan sa nesesè pou elèv yo reyalize epi mentni pwogrè kap pèmèt yo konnen byen nòm etid pou klas yap fè.



**Nivo 3 / Tier 3** se entèkansyon ki pi entansif pami sipò plizyè nivo, epi nan pifò sitiyasyon lekòl la founi entèkansyon an lè mizanplas entèkansyon efikas Nivo 1 ak Nivo 2 pa sifizan paske elèv la pa ka aprann byen nòm etid pou klas lap fè. Sipò Nivo 3 prepare chak elèv baze sou rezilta evalyasyon siplemantè ki idantifye fòs ak feblès elèv la dipwendvi kapasite spesifik.

Alòske entansyon sipò plizyè nivo se pèmèt elèv yo reyisi, ekip eskolè ka detèmine yon timoun bezwen sipò adisyonèl pwogram edikasyon pou elèv esepsyonèl, [Exceptional Student Education (ESE)] pou satisfè nòm etid pou klas lap fè.

Source: Problem Solving & Response to Intervention Project/Sous: Pwojè Rezoud Pwoblèm & Repons a Entèkansyon  
A collaborative project between the Florida Department of Education and the University of South Florida.  
Yon pwojè kolaborasyon ant Depatman Edikasyon Florid epi Inivèsite South Florida.



# Satisfè Bezwen Aprantisaj Tout Aprenan

## English Language Learners (ELLs)- Elèv Aprenan Lang Angle (ELLs)

BCPS bay tout paran ak fanmi aprenan yon dezyèm lang, enpòtans. BCPS konsidere yo kòm patnè nan edikasyon epi angaje yo efektivman nan edikasyon pitit yo. Nou bay premye lang pitit ou valè. Epi nou konsidere lang matènèl la kòm yon atou pou edikasyon li. Premye lang fanmi an kapab fasilite elèv yo devlope abilitè nan langaj ak literasi anretou sa va ede-yo vin lektè ekselan nan lang Angle. Paran ki pale Angle enpe oswa paran ki pa pale Angle kapab kontribye a edikasyon pitit yo selon divès fason itil. Elèv ELLs kapab benefisye lè yo devlope konpetans solid nan literasi premye lang yo anvan menm yo aprann li nan yon dezyèm lang. Se responsablite pa-nou pou fè koneksyon ant akizisyon konesans anvan ak nouvo konesans epitou asire pwogram la siyifikatif epi konpreyansib.

Tanpri vizite lyen anba yo pou plis enfòmasyon ki va ede pitit ou.

**Resous Anliy pou ELLs:** <https://www.browardschools.com/Page/38576>

**Aktivite Lekti pou Paran ak ELLs:**

<https://www.browardschools.com/cms/lib/FL01803656/Centricity/Domain/11106/Reading%20Activitiies%20final.pdf>

**CANVAS ELL Resous pou Fanmi:** <https://browardschools.instructure.com/courses/867005>

**Aktivite Anliy pou Elèv ELL:** <http://tinyurl.com/BrowardELLActivities>

## Students with Disabilities – Elèv andikape/elèv ak dizabilite

Aprann li byen, eple epi ekri byen se yon kondisyon fondamantal nan reyisit pwosesis aprantisaj epi reyisi lekòl. Elèv ki gen twoub aprantisaj, tankou disleksi, dyscalculia ak dysgraphia, gen difikilte devlope kapasite yo malgre lefèt yo resevwa menm enstriksyon nan menm saldeklas ke pifò elèv benefisye. BCPS pran angajman bay elèv yo idantifye ak twoub aprantisaj yon enstriksyon efikas epi pèsonalize pou amelyore rezilta elèv. Pou elèv andikape ka satisfè nòm akademik wo epi demontre konpetans ak ladrès nan konsèp epi nosyon yap etidye nan klas matematik, lekti, ekriti, pale, ak koute (Angle), enstriksyon yo dwe entegre sipò ak adaptasyon.

Tanpri vizite lyen sa yo anba a pou plis enfòmasyon ak estrateji sou jan pou ede pitit ou. Nou ankouraje ou pale ak pwofesè pitit ou epi asire estrateji yo aliyen ak plan edikasyon endividyèl pitit ou [Individual Education Plan (IEP)].

- **Karakteristik Andikap Aprantisaj Spesifik**  
<https://www.fldoe.org/academics/exceptional-student-edu/ese-eligibility/specific-learning-disabilities-sld/>
- **Resous Entèvansyon pou Edikasyon Elèv Esepsyonèl (ESE)**  
<https://www.browardschools.com/Page/41038>
- **Adaptasyon - Accommodations**  
<https://padlet.com/esebrowardcountypublicschools/AccommodationsSWD>
- **Resous Entèvansyon**  
<https://padlet.com/esebrowardcountypublicschools/InterventionResourcesSWD>
- **Access Points Instruction – Pwen Aksè Enstriksyon**  
<https://padlet.com/esebcps/AccessPointsLiteracyResources>



<b>ANDIKAP APRANTISAJ/ LEARNING DISABILITY</b>	<b>KARAKTERISTIK TIPIK/ TYPICAL CHARACTERISTICS</b>
<p><b>Disleksi / Dyslexia:</b> Yon andikap aprantisaj ki afekte esansyèlman lekti</p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Difikilte aprann li, ekri, eple, ak fè kalkil aritmetik.</li> <li>• Difikilte aprann lèt alfabèt ak son korespondan.</li> <li>• Difikilte swiv enstriksyon aloral epi alekri.</li> <li>• Ekriti alamen ki pa lizib, difikilte ak ekriti.</li> <li>• Difikilte fè lekti ase vit pou konprann tèks la epi difikilte pèsiste ak tèks ki pi long.</li> <li>• Distrè fasil, difikilte retni enfòmasyon.</li> <li>• Konfizyon ak sekans lèt epi senbòl.</li> <li>• Reta nan pale ak langaj.</li> <li>• Konfizyon ak direksyon nan espas ak tan, dwat ak goch, nò epi sid, ayè epi demen.</li> <li>• Nivo anksyete pliske mwayèn pandan ekzamen.</li> </ul>
<p><b>Disgrafi / Dysgraphia:</b> Yon andikap aprantisaj ki afekte esansyèlman ekriti</p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Ekriti ki gen lèt varyab, mal fòm, efase ak rati.</li> <li>• Espas ant lèt ak mo pa bon.</li> <li>• Fòm lèt ak chif envès apre premye etap ekriti.</li> <li>• Kenbe kreyon yon fason maladwat, enkonsistan.</li> <li>• Apiye fò sou kreyon epi fatig men.</li> <li>• Pran tan ekri epi kopye ak yon ekriti alamen lizib oswa ki pa lizib.</li> </ul>
<p><b>Diskalkil / Dyscalculia:</b> Yon andikap aprantisaj ki afekte esansyèlman matematik</p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Difikilte konte chif annaryè.</li> <li>• Gen anpil difikilte fè kalkil senp, fè kalkil mantal senp.</li> <li>• Gen sans fèb chif ak estimasyon.</li> <li>• Difikilte konprann valè plas.</li> <li>• Operasyon li ka fè pa defo se adisyon.</li> <li>• Wo nivo anksyete lye ak matematik.</li> </ul>
<p><b>Devlopman Afazi/Developmental Aphasia:</b> Yon andikap aprantisaj ki afekte esansyèlman langaj ak kominikasyon</p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Abilte konpreyansyon fèb.</li> <li>• Difikilte fòm mo ak fraz, pale epi chonje.</li> <li>• Gen pwoblèm konprann langaj.</li> <li>• Difikilte nan lekti ak ekriti.</li> <li>• Nan pale li bliye mot ankou "the," "of," epi "was".</li> <li>• Pale an fraz kout, pwodi fraz yo ak anpil efò.</li> <li>• Mete mo ansanm nan lòd ki pa kòrèk.</li> </ul>

Sous referans: Florida Department of Education, Just Read, Florida!



## Apèsi Konpozan Esansyèl Lekti

Sis Domenn Lekti - “Sis Sansasyonèl”	
<p><b>Langaj Oral</b></p> 	<p><u>Langaj Oral</u> se yon mwayen ki pèmèt timoun esprime panse yo, kominike lide ak emosyon yo. Pou yon timoun, se zouti aprantisaj pi efikas. Timoun yo entènalize/asimile nouvo konesans nan pale ak lòt kamarad yo. Timoun yo aprann enpòtans mo nan koute, pale epi sèvi ak mo.</p>
<p><b>Konsyans Fonemik/ Fonolojik</b></p> 	<p><u>Konsyans fonolojik</u> se abilte idantifye epi manipile pati langaj oral tankou mo, silab, ak atak epi rim. Mo rime, repetisyon, ak chanson tousa se egzanp koutman yon timoun ka pratike konsyans fonolojik.</p> <p><u>Konsyans fonemik</u> se abilte spesifik fokis epi manipile son endividyèl nan mo pale. Tande son endividyèl nan yon mo pèmèt aprenan an fè koneksyon lèt ak son.</p>
<p><b>Fonik</b></p> 	<p><u>Fonik</u> se abilte konprann kijan son koresponn ak lèt nan yon sistèm alfabè. Abilte sa aplikab nan rekonèt ekriti ki reprezante yon son, silab, epi pati mo.</p>
<p><b>Fasilite</b></p> 	<p><u>Fasilite</u> nan lekti se abilte li kouraman yon tèks, yon fason kontini, avèk vitès apwopriye, entonasyon, <i>phrasing</i>, atansyon a konvansyon epi aksantye mo-yo. Fasilite rezoud mo se kapasite rezoud mo rapidman epi ak presizyon.</p>
<p><b>Vokabilè</b></p> 	<p><u>Vokabilè</u> se konesans mo ki itilize nan langaj ak sans-yo. Ofiramezi timoun konmanse li tèks ki pi difisil, yo dwe aprann mo vokabilè ki pa fè pati langaj oral yo.</p>
<p><b>Konpreyansyon</b></p> 	<p>Se abilte konprann epi sezi sans yon tèks oswa plizyè tèks selon plizyè nivo. Elèv yo dwe konprann epi fè sans de enfòmasyon yo li nan divès tèks pou konprann mye mond reyèl.</p>



# Langaj Oral

Langaj oral (Oral Language) se yon mwayen ki pèmèt timoun yo esprime panse yo, kominike lide ak emosyon yo. Pou yon timoun, se zouti aprantisaj pi efikas. Timoun yo entènalize/asimile nouvo konesans nan pale ak kamarad-yo. Timoun yo konprann enpòtans mo nan sityasyon kominikasyon kote yo koute, pale epi sèvi ak mo.



## Aktivite Langaj Oral - Klas Ane K-1 (Grades K-1)

- Pratike pale yon langaj kòrèk, ki senp epi klè konsa pitit ou va imite ou.
- Pou anrichi vokabilè entwodi yon nouvo mo epi diskite definisyon mo a. Pratike itilize mo a nan yon fraz fasil ke tout moun konprann. Egzanp, ou ka di "M kwè mwen pral kondwi machin lan poum ale nan magazen an. Mwen twò fatige pou mwen mache."
- Pale sou relasyon espas (premye, mitan, epi dènye; dwat epi goch) epi pale sou mo kontrè (monte epi desann; louvri epi fèmen).
- Bay yon deskripsyon oswa endis, mande pitit ou idantifye sa wap dekri a. Egzanp, di "Nou itilize li pou bale atè a" (yon bale-a broom). "Li fret, sikre, epi bon pou desè. M renmen \_\_\_ frèz" (krèmalaglas). It is cold, sweet, and good for dessert. I like strawberry \_\_\_\_" (ice cream).
- Mande pitit ou swiv direksyon de- ak twa-etap tankou, "Ale nan chanm-ou, epi pote liv pa-ou ban-mwen."
- Ankouraje pitit ou bay direksyon. Swiv enstriksyon/direksyon pitit ou lè lap esplike kijan pou ou bati yon tou ak blòk (tower of blocks).
- Pratike nome atik toulejou. Egzanp, pandan ou nan kwizin la, ou ka nome istansil yo.
- Pale ak pitit ou sou pèsouaj nan yon istwa. Èske yo kontan oswa tris?
- Aktivite teyat. Fè yon mizansèn epi ansanm redi istwa a, imajine finisman istwa a nan divès fason.

## Aktivite Langaj Oral – Klas Ane 2-3 (Grades 2-3)

- Ansanm ak pitit ou, pratike resite powèm ak chanson, kout.
- Mande pitit ou itilize ak pratike menm langaj li te wè nan istwa oswa nan tèks enfòmasyon lè lap redi istwa a yon lòt fwa oswa fè yon prediksyon.
- Pratike itilize mo deskriptif pou dekri yon pèsouaj oswa kote yon istwa ap dewoule.
- Ansanm ak pitit ou, fè yon aktivite kote nou chak jwe yon wòl (role play).
- Itilize maryonèt pou ede pitit ou monte pyès teyat.
- Jwe yon jwèt ak pitit ou tankou "kay." Echanje wòl nan fanmi an, epi pretann ou se timou lan.
- Pou anrichi vokabilè entwodi yon nouvo mo epi anseye definisyon an oswa itilize mo a nan yon kontèks fasil tout moun konprann. Egzanp, di "M kwè mwen pral kondwi machin lan poum ale nan magazen an. Mwen twò fatige pou mwen mache."
- Pandan nap fè pwovizyon, diskite sa nou pral achte, konben bagay ak atik nou ka bezwen, epi ki manje nou pral prepare. Pale sou dimansyon (gwo oswa piti), fòm (long, wonn, kare), epi pwa (lou oswa leje) pakè yo.
- Pale sou manje ki sou yon meni, koulè manje, teksti, ak gou.
- Itilize mo deskriptif lè wap pale de diferan sal/chanm ak mèb andedan lakay ou.



## Aktivite Langaj Oral – Klas Ane 4-5 (Grades 4-5)

- Pratike konvèsasyon ak pitit ou; kite chak moun tann tou pa-li pou li konmanse pale.
- Itilize langaj deskriptif lè konvèsasyon pòte sou yon sijè patikilye.
- Montre pitit ou jan pou li koute lòt moun avèk respè epi yon fason responsab.
- Mande pitit ou chonje oswa refòmile sa li te li, vledi reprann tèks lekti a men ak pwòp mo pa-li.



- Mande pitit ou pratike itilize menm langaj li te wè nan istwa ak tèks enfòmasyon lè lap redi yon istwa ankò oswa fè yon prediksyon.
- Ankouraje pitit gason/pitit fi ou devlope pipilis pwòp lide oswa opinyon pa-li.
- Bay blag, jwe jwèt devinèt, fè jedemo, pou demontre jan langaj kapab itilize pou pataje imou.
- Ankouraje pitit ou pale pipilis epi poze kesyon tankou "Kisa ou panse?" "Èske ou dakò?" "Poukisa oswa poukisa pa?"
- Atab pandan dine, chak moun patisipe nan konvèsasyon; limite distraksyon tankou televizyon, telefòn selilè, oswa mizik kap jwe twò fò.

## Konsyans Fonolojik

**Konsyans fonemik se abilte spesifik fokis sou epi manipile son endividyèl nan mo pale. Tande son endividyèl nan yon mo pèmèt aprenan an fè koneksyon lèt ak son. Konsyans fonolojik se abilte idantifye epi manipile pati langaj oral tankou mo, silab, atak epi rim. Mo rimen, repetisyon, ak chanson tousa se egzanjp kouman yon timoun ka pratike konsyans fonolojik.**

### Aktivite Konsyans Fonolojik - Ane K-1 (Grades K-1)

- Aprann pitit ou rekonèt lèt alfabèt. Kou ou wè lèt-yo, lonje dwèt ou sou lèt miniskil ak lèt majis-kil epitou kòm egzèsis ansanm ak pitit ou, li liv alfabetizasyon (alphabet books).
- Mande pitit ou reflechi epi di-ou plizyè mo ki konmanse ak yon son spesifik. Egzanp, mo kap kòmanse avèk son /m/ oswa /p/ (*mat, paper* -tapi, papye).
- Konpoze fraz estipid avèk mo ki konmanse avèk menm son inisyal la. Egzanp, ou ka di "Nobody was nice to Nancy's neighbor." -Vwazen Nancy pat gen yon moun ki te janti avè l.
- Ansanm ak pitit ou, fè yon aktivite son ki rimen oswa melanj son; chak moun tann tou pa-li pou prezante mo ki rimen (*go – no*) oswa mo senp ak melanj son (*/d/, /o/, /g/ - dog*).
- Aktivite bat men (clapping games) sou silab. Sijè jwèt la ka manm fanmi ou, objè ou jwenn nan kay la, oswa non kote ou ale oswa te ale.
- Pran avantaj opòtinite chante pou pitit ou epi chante avèk pitit ou. Ou ka fè sa lè wap vwayaje nan machin, oswa sou wout kap mennen nou lekòl. Sanzatann kreye chanson sou kote nou prale. Egzanp, sou kadans chanson "*This is the way we wash our hands*" (Se jan nou ka lave men nou) ou ka chante "*This is the way we go to school.*" (Se jan nou ka ale lekòl).
- Ankouraje aktivite jwe ak mo (word play). Itilize powèm, mo ki rime, oswa chanson. Di yon fraz tankou "What rhymes with Matt?" (Kisa ki rime avèk Matt?) Konpoze yon fraz estipid ak mo ki rimen, tankou "Did Matt sit on the cat?" (Èske Matt te chita sou chat la?) Oswa eseye kolabore ansanm epi rakonte yon ti istwa osijè yon chat kap kouri dèyè yon rat ki gra.
- Chèche bon liv ki gen istwa ak mo ki rimen.
- Ankouraje aktivite jwe ak mo (word games). Nan aktivite a, cheche mo ki konekte son ak silab epi mo. Egzanp, ou ka mande "Si lèt yo se p-e-n eple *pen*, epi apre kijan ou ka eple mo *hen*?"

### Aktivite Konsyans Fonolojik - Ane 2-3 (Grades 2-3)

- Itilize pwogram sofwè konpitè ki fokis sou devlope abilte konsyans fonolojik epi fonemik. Plizyè pwogram sa yo itilize grafik kolore epi animasyon pou kenbe pitit ou angaje epi motive.
- Ede pitit ou pratike rezoud mo. Retire prefix oswa sifiks epi kenbe rasin mo a.
- Chache nouvo mo. Chwazi yon melanj konsòn (blend) (egzanp *bl*), epi mande pitit ou chèche senk objè/bagay ki konmanse avèk melanj konsòn la. Chak fwa pitit ou jwenn yon objè, ede pitit ou ekri chak mo sou yon lis (*blanket, blue pen*).



- Aktivite bat men (clapping games) sou silab. Chak jwè dwe bat men-li ak kadans sou non manm fanmi, non objè komen nan kay la, non kote nou prale oswa kote nou te ale.
- Lè nap fè lekti awòtwa, di mo-yo lanteman epi repete mo lè sa nesesè. Pwononse mo lanteman konsa sa pi fasil pou tandè chak son endividyèl ki fòme mo a.
- Achte oswa kreye kat (flashcards). Sou fas yon kat ekri lèt ak mo konsa pitit ou va pratike fòme mo.
- Pratike segmante (separe) mo epi melanj son (egzanp c-a-t pou cat).

### Aktivite Konsyans Fonolojik – Ane 4-5 (Grades 4-5)

- Pratike bat men sou twa silab oswa plis (*fish/er/man; par/a/graph; el/e/va/tor*).
- Mande pitit ou cheche andedan kay la objè ki koresponn ak mo konpoze (*football, headboard, watermelon*). Ede pitit ou ekri yon lis mo, epi segmante chak mo pou montre de (2) pati mo-a.
- Chache nouvo mo. Chwazi yon melanj konsonn (egzanp bl), epi mande pitit ou cheche senk objè ki konmanse ak melanj konsòn la. Chak fwa pitit ou jwenn yon objè, ede pitit ou ekri mo-yo sou yon lis (blanket, blue pen, etc.)
- Montre pitit ou kouman separe mo, li pa konnen, lè wap fè lekti awòtwa pou pitit ou.

## Fonik

**Fonik se konprann kouman son koresponn ak lèt nan sistèm alfabèt. Abilte sa aplikab tou nan rekonèt ekriti ki reprezante yon son, silab, ak pati mo.**



### Aktivite Fonik – Ane K-1 (Grades K-1)

- Itilize sab oswa patamodele pou fè/ekri lèt senp epi matche son yo.
- Anseye pitit ou matche son ki nan non-li.
- Ekri lèt alfabè sou fas plizyè kat (card). Kenbe kat-yo anlè epi mande pitit ou pratike pwononse son-yo.
- Fè aktivite jwèt ak liv alfabetizasyon (alphabet books). Egzanp, di "I am thinking of something that starts with the letter 't.'" (Map panse yon bagay ki kòmanse ak lèt "t").
- Mande pitit ou cheche andedan kay la objè ki kòmanse ak menm son inisyal la. Egzanp, mande pitit ou chache objè ki konmanse ak /b/.
- Itilize lèt mayetik (magnetic letters) oswa kat lèt (letter cards) pou konstwi mo.
- Anseye pitit gason/pitit fi ou rekonèt lèt ki fòme non pa-li.
- Lè nou nan makèt, poze kesyon tankou "Can you find something that starts with the letter c?" ("Èske ou ka jwenn yon bagay ki konmanse ak lèt c?")
- Mande pitit ou idantifye epi dekoupe lèt li rekonèt nan revyi/magazinn oswa jounal.
- Pale sou diferans ant lèt majiskil ak lèt miniskil.
- Mande pitit ou pratike kategorize lèt-yo selon karakteristik yo. Egzanp, sou yon lis gwoupe tout lèt ki gen yon koube, yon sèk tankou b, c, a, etc.

### Aktivite Fonik – Ane 2-3 (Grades 2-3)

- Ede pitit ou pwononse mo li pa konnen epi ki pa fanmi. Mande pitit ou pwononse premye son nan mo a epi itilize endis nan imaj/foto pou devinen mo a.
- Ekri *letter clusters* (gwoup konsòn) sou fas plizyè kat (*gl, pr, spr*). Kenbe chak kat anlè epi mande pitit ou pratike li epi pwononse son yo. Mande pitit ou chache nan yon liv mo ki fòme ak gwoup konsòn!
- Mande pitit ou chache nan kay ou objè ki kòmanse avèk yon digram/*digraph* (*ch, th, sh*) vledi egzanp shoe, chair, oswa thermos. Ede pitit ou fè lis objè li jwenn epi souliye digram la.
- Itilize lèt mayetik (magnetic letters) pou konstwi mo ki pi difisil epi konplike.
- Mande pitit ou pratike kategorize mo ki gen menm fen an (*branch, rock, dash*, chak mo sa yo fini ak yon digram/*digraph*).



- Òganize yon konpetisyon fonik. Regle kwonomèt la. Gade kilès kap jwenn plis mo ak melanj son (*cl, pr, bl*) nan tan limit swa yon sèl minit. Fè konparezon lis mo epi jwe ankò! Pitit- ou ap anvè bat dènve rekò li, amelyore rezilta li te obteni.
- Ekri se meyè fason pou ranfòse ladrès nan fonik! Mete nan valiz pitit gason/pitit fi ou nòt ou ekri oubyen mande yon fanmi/zanmi voye yon lèt ba-li oswa voye yon imel bay pitit ou. Mande pitit ou reponn alekri epi pwononse tout mo yo.

### Aktivite Fonik – Ane 4-5 (Grades 4-5)

- Mande pitit ou gade nan revè, oswa jounal epi chache objè ki kapab yon mo konpoze (football, headboard, etc.)
- Triye mo ki gen menm *letter clusters* (gwoup kònson), selon varyete son (parekzanp, ch – cheese, machine, school, choir, yacht).
- Si pitit ou gen difikilte eple yon mo, mande li segmante mo a an silab epi apre ekri mo a (to/ge/th/er).
- Pratike li mo epi ekri mo ki itilize pi souvan. Si pitit ou ka li mo sa yo kouraman avèk fasilite, alò ou ka fokis plis sou amelyore konpreyansyon.

## Fasilite Lekti

**Fasilite nan lekti (fluency) se abilte li kouraman yon tèks, yon fason kontini, avèk vitès entonasyon apwopriye, atansyon a konvansyon epi aksantye mo. Fasilite se abilte li mo rapidman epi ak presizyon epitou otomatikman epi espresyon.**



### Aktivite Fasilite Lekti – Ane K-1 (Grades K-1)

- Li ak yon vwa byen fò pou pitit ou epi li kouraman pou fè lekti son yo.
- Li ak yon vwa byen fò epi mande pitit ou mache vwa pa l ak pa-ou.
- Mande pitit ou pratike fè lekti menm lis mo, fraz, oswa pasaj lekti kout, plizyè fwa.
- Fè pitit ou remake siy ponktiyasyon/konvansyon ekriti (vigil, pwen, pwen desklamasyon). Demontre kouman vwa ou chanje chak fwa ou rive sou yon siy ponktiyasyon.
- Montre pitit ou li avèk espresyon epi itilize diferan vwa lè wap li istwa ki familye.
- Envite pitit ou li anmenmtan ak ou pati istwa a ki familye.
- Fè lekti repete. Li plizyè fwa yon pasaj lekti ki familye. Envite pitit ou li anmenmtan ak ou pou eseye dechifre mo ki pi difisil.
- Bay pitit ou liv ak mo vokabilè previzib epi aranjman klè mo ki rimen konsa pitit ou ka "tande" son yon lekti kouran pandan lap li liv ak yon vwa byen fò.
- Itilize anrejistremant liv epi mande pitit ou swiv lekti a sou yon kopi enprime oswa sou yon ekran dijital.

### Aktivite Fasilite Lekti – Ane 2-3 (Grades 2-3)

- Di yon fraz epi mande pitit gason/pitit fi ou repete fraz la pou ou.
- Bay pitit ou opòtinite fè lekti fasafas devan diferan oditwa (manm fanmi, frè ak sè, zanmi, vwazen, granparan). Apre pitit ou fin byen pratike istwa/tèks lekti plizyè fwa, pitit ou ap fè lekti istwa/tèks devan yon oditwa.
- Fè anrejistremant lekti a. Itilize yon telefòn selilè oswa aparèy MP3 pou fè anrejistremant lè pitit ou ap fè lekti. Yon fwa ou fin anrejistremant an, envite pitit ou koute lekti li, epi swiv anmenmtan nan liv la.
- Lè wap fè lekti pou pitit ou, chonje montre pitit ou li kouraman avèk espresyon, vitès epi presizyon ki apwopriye konsa pitit ou ap konnen sa fasilite lekti ye.
- Envite pitit ou li mo-yo, imite entonasyon ak espresyon ou pandan lap fè lekti.



## Aktivite Fasilite Lekti – Ane 4-5 (Grades 4-5)

- Pratike lekti repete. Li yon pasaj lekti ki familye plizyè fwa, envite pitit ou li ansanm ak ou epi nou toulede eseye dechifre mo ki difisil.
- Li awòtwa pou pitit ou konsa pitit ou gen yon egzanp sa li kouraman vledi. Fè sèten ou li ak anpil espresyon, epi entonasyon apwopriye.
- Li kèk liy yon tèks avèk diferan vwa epi envite pitit ou li anmenmtan ak ou epi imite espresyon pa-ou.
- Ansanm ak pitit ou, li vè prefere yon pwezi. Li yon liy epi mande pitit ou li lòt liy pwezi a. Mande pitit ou li mo-yo, imite entonasyon ak espresyon.
- Panse akselere fasilite nan lekti; itilize yon kwonnòmèt (stopwatch) pou fikse tan pitit ou ka li yon pasaj oswa li yon tèks. Mande pitit ou anrejistre tan li, epi ankouraje pitit ou fè lekti pasaj tèks lekti a ankò pou li bat pwòp rekò pa-li.
- Raple pitit ou prete atansyon a konvansyon ekriti pandan lap fè lekti.

## Vokabilè

**Vokabilè se konesans mo ki itilize nan langaj ak sans yo. Ofiramezi timoun yo kòmanse li tèks pi difisil, yo dwe aprann mo vokabilè andeyò langaj oral yo.**

### Aktivite Vokabilè Ane K-1 (Grades K-1)

- Chak semenn, chwazi yon nouvo mo vokabilè epi aprann sans mo a epi itilize li nan langaj toulejou. Kreye yon sistèm pwen avèk manm fanmi ou epi chache konnen, nan menm semenn lan kilès nan fanmi an ki itilize mo a pi souvan.
- Afiche mo vokabilè sou plizyè kote nan kay la (miwa saldeben, frijidè, pòt).
- Anvan ou fè lekti yon liv, feyte liv la, epi diskite mo vokabilè ou kwè ki enteresan oswa ki gen konfizyon posib.
- Fè yon aktivite avèk sinonim, jwe *Hot Potato*. Chwazi yon mo epi yon manm fanmi an dwe chèche yon lòt mo ki gen menm sans la. Chak jwè tann tou pa-li jiskaske okenn jwè pa ka panse a yon lòt mo. Eseye jwèt la men fwa sa a avèk antonim (mo kontrè).
- Fè yon mizansèn pou entèprete yon mo. Mande lòt manm fanmi ou devinen kisa mo-a ye. Chak moun tann tou pa li pou jwe yon wòl ak yon nouvo mo. Egzanp, si mo a se *pensive* aji kòm si wap panse entanseman. Chita epi mete de men ou sou tèt ou.

### Aktivite Vokabilè- Ane 2-3 (Grades 2-3)

- Diskite mo òdinal tankou premye, dènye, kòmansman, mitan, etc.
- Lè ou menm ak pitit ou nan makèt, pale sa nou wè anndan makèt la grasa istwa a. Egzanp, ou ka di “Kounyea, mwen la nan boulanjri a. Se isit la mwen ka jwenn gato, bonbon, ak pen.”
- Ekri mo sou fas kat (flashcards) epi ansanm pratike asosiyasyon mo. Egzanp, si sijè a fè pati yon plant, ou ka plase mo tankou plant, fèy, semans nan yon kategori.
- Chak semenn, chwazi yon nouvo mo pou aprann epi itilize mo a nan langaj toulejou. Kreye yon sistèm pwen avèk manm fanmi ou pou konnen kilès ki itilize mo a pi souvan okou semenn lan.
- Afiche mo vokabilè nan kay la. (miwa saldeben, frijidè, pòt).
- Anvan ou fè lekti yon liv, feyte liv la epi diskite mo ou panse ki enteresan oswa ki gen konfizyon posib.



## Aktivite Vokabilè – Ane 4-5 (Grades 4-5)

- Fè yon aktivite, jwe *Hot Potato*. Kategorize mo-yo selon sijè ki pi konplèks tankou Gè Endepandans, astwonmi, oswa tèms matematik (The Revolutionary War, astronomy, or math terms).
- Gade mo yo anvan ou li pou pitit ou oswa ansanm avèk pitit ou. Diskite ak pitit ou sans chak mo ki kapab enteresan oswa ki gen konfizyon posib.
- Fè yon aktivite koleksyon mo, tankou Scrabble oswa Boggle. Mande manm fanmi ou kolekte otan mo enteresan yo li oswa yo tonbe sou yo diran jounen an. Atab, lè dine, chak manm fanmi pataje mo pa-li atoudewòl. Diskite sans mo a epi pratike itilize mo-a nan langaj pale.

## Konpreyansyon



**Se abiltè konprann epi sezi sans yon tèks oswa plizyè tèks selon plizyè nivo konpreyansyon. Elèv yo dwe konprann epi fè sans de enfòmasyon yo li nan divès tèks pou konprann mye mond reyèl.**

## Aktivite Konpreyansyon – Ane K-1 (Grades K-1)

- Fè yon konvèsasyon ak pitit ou epi diskite sa pitit ou te li. Poze kesyon dirèk e presi epi konekte evènman yo ak lavi pitit ou.
- Poze pitit ou kesyon tankou kilès, kisa, kilè, poukisa, epi kouman.
- Ede pitit ou fè koneksyon ant sa ki te li deja avèk menm esperyans lavi epi evènman dekrì nan yon lòt liv.
- Ede pitit ou verifye konpreyansyon pa-li poze kesyon si li konprann sa li fèk sot li.
- Mande pitit ou reli tèks la pou esplike repons pa-li.
- Diskite sans mo enkonni, mo pitit ou te li oswa te tande nan yon istwa.

### Lekti Liv Fiksyon - Reading Fiction:

- Mande pitit ou fè yon rezime kòmansman, mitan ak fen yon istwa.
- Pandan wap li, yon lè konsa sispann lekti a, poze kesyon sou yon pèsonaj istwa a, pwoblèm, ak solisyon.
- Mande pitit ou pataje ki pati nan istwa a li prefere epi esplike poukisa.
- Ankouraje refleksyon. Poze kesyon “Si ou ta reekri fen istwa a, kisa ou ta chanje nan istwa a?”
- Mande pitit ou opinyon li sou evènman/pèsonaj istwa a. Poze kesyon tankou “Èske ou panse pèsonaj la te pran bon desizyon?” “Kisa ou ta fè diferaman si ou te pèsonaj la?”

### Lekti Liv Nonfiksyon - Reading Nonfiction:

- Li materyèl la an seksyon kout, asire pitit ou konprann tout etap pwosesis la nèt.
- Anvan ou li, gade tit liv la epi feyte liv la. Mande pitit ou “Kisa ou panse ou va aprann ak liv sa?” oswa “Kisa ou konnen deja sou sijè (topik) la?”
- Diskite sa pitit ou te aprann deja nan fè lekti tèks enfòmasyon.
- Pratike gade karakteristik tèks la (tab matyè yo, soutit, tablo, dyagram) pou aprann plis sou topik la.
- Apre pitit ou fin li, poze pitit ou kesyon “Kisa ou panse ou ta renmen konnen plis osijè topik sa?”



## Aktivite Konpreyansyon – Ane 2-3 (Grades 2-3)

- Fè yon konvèsasyon ak pitit ou epi diskite sa pitit ou te li deja. Poze kesyon dirèk e presi epi konekte evènman-yo ak evènman lavi pitit ou.
- Poze pitit ou kesyon sa yo kilès, kisa, kilè, ki kote, poukisa epi kouman.
- Ede pitit ou reli tèks, pasaj lekti a pou esplike repons pa-li.

### Lekti Fiksyon - Reading Fiction:

- Mande pitit ou fè yon rezime kòmansman, mitan, ak fen yon istwa.
- Pandan wap li, yon lè konsa sispann fè lekti a, poze kesyon sou pèsonaj istwa, pwoblèm, ak solisyon.
- Mande pitit ou pataje ki pati nan istwa-a li prefere epi esplike poukisa.
- Ankouraje refleksyon. Poze kesyon tankou “Si ou ta reekri fen istwa a, kisa ou ta chanje nan istwa a?”
- Mande pitit ou opinyon li sou evènman/pèsonaj istwa a. Poze kesyon tankou “Èske ou panse pèsonaj la te pran bon desizyon?” “Kisa ou ta fè diferaman si ou te pèsonaj la?”
- Apre ou-menm oswa pitit ou te fin fè lekti kèlke paj, poze kesyon “Kisa ou panse kap rive apre?”

### Lekti Non Fiksyon - Reading Nonfiction:

- Li materyèl lekti la an seksyon kout, asire pitit ou konprann tout etap pwosesis la nèt.
- Anvan ou li, gade tit la, epi feyte liv la. Poze pitit ou kesyon “Kisa ou panse ou va aprann avèk liv sa? “oswa “Kisa ou deja konnen sou sijè a (topik la)?”
- Diskite sa pitit ou te deja aprann nan fè lekti tèks enfòmasyon.
- Pratike gade karakteristik tèks la (tab matyè yo, lejann, soutit, tablo, dyagram) pou aprann plis sou topik la.
- Apre pitit ou fin li, mande pitit ou “Kisa ou panse ou ta renmen konnen plis osijè topik sa?”

## Aktivite Konpreyansyon Ane 4-5 (Grades 4-5)

- Mande pitit ou reli tèks la ankò pou esplike repons-li.
- Itilize bann desine (comic strips) pou pratike mete istwa-yo an sekans, nan lòd ki kòrèk.
- Fè yon konvèsasyon ak pitit ou epi diskite sa pitit ou te li deja. Poze kesyon dirèk e presi, epi konekte evènman-yo ak lavi pitit ou.
- Poze pitit ou kesyon sa-yo kilès, kisa, kilè, ki kote, poukisa ak kouman. Kesyon ki aplikab a sa yap li kounyea.

### Lekti Fiksyon - Reading Fiction:

- Lè wap poze pitit ou kesyon, itilize mo anrapò ak istwa a tankou *pèsonaj*, *pwoblèm*, ak *solisyon*. Egzanp, ou ka mande “Kijan pèsonaj-yo nan istwa a eseye rezoud pwoblèm yo rankontre?”
- Mande pitit ou fè prediksyon sou sa ki pral rive apre baze sou evènman ki te pase nan istwa a.
- Ede pitit ou fè koneksyon ant evènman oswa pèsonaj yo nan yon istwa avèk esperyans pèsonèl li, oswa ak lòt liv pitit ou li deja.

### Lekti Non Fiksyon - Reading Nonfiction:

- Mande pitit ou ekri yon fraz/plizyè fraz kòm lejann (captions) sou foto fanmi an te pran pandan vakans.
- Atire atansyon pitit ou sou lejann, soutit, antèt, ribrik, ankadre, pou jwenn plis enfòmasyon sou topik la. Poze kesyon ki fè pitit ou reflechi tankou “Poukisa ou panse otè liv la enkli yon dyagram sou paj la?” oswa “kòm lektè liv la kouman dyagram la ede ou?”
- Mande pitit ou reli tèks la lè lap reponn kesyon.
- Ede pitit ou pran nòt sou enfòmasyon ki pi enpòtan nan tèks la.



# Enpòtans pou Elèv Vin Lekòl Regilyèman

## Importance of Attendance


Elèv ki vin lekòl regilyèman konmanse depi kindègadenn atenn nivo konpetans pou klas 3zyèm ane senk fwa plis pase elèv ki manke sèlman 2 jou chak mwa nan premye de ane lekòl.

Absanteyis/absans kwonik: Manke 10% sou total jou lekòl. 1 oswa 2 jou chak mwa sifi pou konte elèv la absan.

### Kilès elèv ki ka li nan nivo klas la apre klas 3zyèm Ane?

Mwens pase 1 elèv sou 5 ki gen absans kwonik nan klas kindègadenn ak premye ane tap li nan nivo klas lap fè oswa depase nivo klas la.

SOURCE: Attendance in Early Elementary Grades: Association with Student Characteristics, School Readiness and Third Grade Outcomes, Applied Survey Research. May 2011.



### Estrateji pou Amelyore Prezans Lekòl


- Fikse yon è regilye pou pitit ou al dòmi epi tabli yon woutin lematen.
- Lavèy pare rad pitit ou epi ranje valiz-li pou lelandemen.
- Pa kite pitit ou rete nan kay la sòf si li malad toutbonvre. (Tanperati kò-li depase 100.4 °F, lap vomi oswa li gen dyare, zye-li wòz epi gen kwout)
- Si pitit ou sanble li anksye osijè lekòl, pale ak pwofesè, konseye lekòl (school counselors), travayè sosyal, oswa lòt paran ki ka ba-ou konsèy sou jan ou ka fè pitit ou enterese aprann lekòl.
- Gen yon plan altènatif (bak-up plan), si sanzatann ou blije fè fas a yon sityasyon kote ou bezwen yon moun mennen pitit ou lekòl. Rele yon manm fanmi, yon vwazen, oswa yon lòt paran.
- Evite fè randevou medikal oswa fè deplasman, vwayaje, lè lekòl la ap fonksyone.



# New Worlds Reading Initiative

New Worlds Reading Initiative (Inisyativ Lekti New Worlds) se yon pwogram literasi Eta Florid ofri gratis pou elèv lekòl piblik oswa charter kap fè klas preskolè rive senkyèm ane (VPK-5) aktyèlman kap li anba nivo klas. Granmèsi sipò ak envestisman Lejislati Eta Florid, pwogram livrezon liv atravè eta a se yon efò kolaborasyon avèk Depatman Edikasyon Florid, distri eskolè ak lòt òganizasyon lokal epi leta epi Inivèsite, *University of Florida Lastinger Center*. Pa pèdi opòtinite dekouvri plis osijè Inisyativ Lekti, *New Worlds Reading Initiative*. Fèy piblisite disponib nan lang angle, espayòl epi kreyòl aysisyen, [English](#) (PDF), [Spanish](#) (PDF) ak [Haitian Creole](#) (PDF).

**Pou enfòmè ou sou Inisyativ Lekti New Worlds, klike sou imaj anba a.**



# Kont Bous New Worlds Scholarship

Dapre [FLDOE](#), apati 1er Jiyè, 2024, New Worlds Scholarship Accounts Program (Pwogram Kont Bous New Worlds) ap elaji kondisyon elijibilite pou enkli elèv preskolè VPK, elèv lekòl piblik ki anwole nan klas kindègadenn rive 5kyèm ane:

- ki gen difikilte ak feblès enpòtan swa nan lekti oswa matematik;
- ki manifeste karakteristik disleksi oswa diskalkil;
- ki obteni nòt anba Nivo 3 (Level 3) nan ekzamen Angle estandadize [English Language Arts (ELA)] administre nan eta a, oswa ekzamen Matematik nan ane eskolè anvan an; oubyen
- pou elèv VPK ki anwole nan lekòl piblik oswa pwogram lekòl prive, elèv sila manifeste difikilte ak feblès enpòtan nan kapasite literasi bonè baze sou rezilta pi resan kontwole pwogrè.

## Ki montan Bous New Worlds Scholarship Account?

Pou ane eskolè 2024-2025, montan bous la se \$1200 pou chak elèv ki elijib.

## Kouman mwen ka aplike pou yon kont bous New Worlds Scholarship Account?

Pou aplike pou finansman, yon paran dwe ranpli yon aplikasyon dirèkteman nan òganizasyon ki elijib administre finansman bous.

Pou ane eskolè 2024-25, [Step Up For Students](#) se sèl òganizasyon finansman bous kap administre epi jere pwogram bous sa.

Depans elijib pou ranbousman se:

- Materyèl pedagogik;
- Kourikoulòm (pwogram etid);
- Ekolaj ak frè (tuition and fees) pou sèvis leson (tutoring) atan pasyèl. Men pwofesyonèl ki dwe founi sèvis yo: yon moun ki gen yon sètifika ansèyman valid annakò ak atik s. 1012.56, F.S.; yon moun ki gen yon diplòm bakaloreya oswa yon diplòm detid ansèyman siperyè; yon moun ki gen yon sètifika ansèyman oksilyè annakò ak s. 1012.57; oswa yon moun ki demontre li gen metriz yon sijè konesans annakò ak s. 1012.56(5); yon moun ki gen yon mikwo sètifikasyon (micro-credential) anba s. 1003.485; oswa, pou yon elèv VPK, yon moun ki gen yon kalifikasyon anba atik s. 1002.55(3)(c)1., oswa yon kalifikasyon nan edikasyon anba atik s. 1002.55(4)(a) or (b).
- Frè pou pwogram edikasyon spesyalize diran lete prepare pou amelyore kapasite lekti, literasi, oswa matematik; epi
- Frè pou pwogram edikasyon apre lekòl prepare pou amelyore kapasite lekti, literasi, oswa matematik.



## Apèsi sou Ekzamen ak Tès Evalyasyon

Nan leta Florid, nou gen kat tip ekzamen ak evalyasyon.

**Screeners:** founi yon baz referans. Okòmansman ane eskolè a elèv yo pran tès la.

**Dyagnostik:** ede edikatè yo detèmine bezwen eskolè spesifik, si posib.

**Fòmativ:** Evalyasyon fòmativ pèmèt swiv/kontwole pwogrè pandan tout ane a. Ekzamen yo depann de kourikoulòm ki itilize pou enstriksyon nan saldeklas la.

**Somativ:** Evalyasyon somativ mezire aprantisaj nan fen ane eskolè a.

### Evalyasyon ELA Atravè Eta a

Evalyasyon estandardize Eta Florid, Lekti ak Ekriti, aliye ak nòm tès Benchmarks for Excellent Student Thinking (B.E.S.T.). Ekzamen Florida Assessment of Student Thinking (FAST), enkli Lekti depi VPK rive klas 10zyèm ane, administre kòm yon evalyasyon kontwole pwogrè elèv, twa fwa nan ane a. Premye (PM1) ap fèt nan 30 premye jou lekòl, dezyèm (PM2) ap fèt nan mitan ane eskolè a, epi twazyèm (PM3) ap fèt nan fen ane eskolè a.

Pou aprann piplis sou Evalyasyon F.A.S.T. klike sou imaj/foto anba a.

### Students & Families

General information and resources about Florida Statewide Assessments.



## Resous Literasi

Patisipasyon aktif paran se yon konpozan kle inisyativ **Just Read, Florida!** Apa ede pitit ou grandi an sante epi kontan, responsablite pi enpòtan se ede pitit ou devlope abilite li nan lekti. Men kèk enfòmasyon ak resous ki va ede-ou derape nan sans sa:

- ✓ **ABCya:** Pratike tape sou klavye ak lòt ladrès baze sou yon anviwonman jwèt.  
<http://www.abcya.com/>
- ✓ **American Speech-Language-Hearing Association-Asosiyasyon Ameriken Pale-Langaj:** Sijasyon ak konsèy pou paran ede pitit yoak koute, pale, lekti, epi ekri. Egzèsis pou chak klas.  
<http://www.asha.org/public/speech/development/suggestions/>
- ✓ **Barnes & Noble:** Vizite sitweb epi lokalize libreri ki pi pre lakay ou kap òganize evènman gratis. <https://stores.barnesandnoble.com/>
- ✓ **BCPS Bibliyotèk ak Sèvis Medya:** <https://www.browardschools.com/Page/39469>
- ✓ **BCPS Parent University-Inivèsite Paran:** Lansman Parent University te fèt nan lane 2020. Sesyon webinar yo ofri paran sipò adisyonèl. Anpil sesyon webinar anrejistre disponib pou yon varyete sijè. <https://www.browardschools.com/Page/54753>
- ✓ **Broward County Library-Bibliyotèk Konte Broward:** Vizite sitweb bibliyotèk la pou konnen ki kote yap òganize evènman gratis chak semenn nan yon branch lokal ki pre lakay ou. <http://www.broward.org/library>
- ✓ **Broward County Library "WOW!" Without Walls:** Telechaje liv elektwonik (eBooks), liv odyo, epi stream videyo sou aparèy elektwonik ou gratis. Wap bezwen gen yon kont bibliyotèk, rezidan Broward ka louvri youn gratis.  
<http://broward.lib.overdrive.com/ECDFAFB0-6310-4EA4-924D-55592BB74E05/10/50/en/Default.htm>
- ✓ **iColorín Colorado!** Metòd fasil paran ka itilize pou ede pitit li vin bon lektè. Onz lang disponib. <http://www.colorincolorado.org/reading-tip-sheets-parents>
- ✓ **Dyslexia Resource Hub– Sant Resous Disleksi:** Koleksyon resous disleksi sa ap ede paran, pwofesè, epi defansè elèv ki gen disleksi devlope konesans yo, amelyore epi konprann dwa yo. <https://ufli.education.ufl.edu/resources/dyslexia/>
- ✓ **Florida Center for Reading Research (FCRR) Resous pou fanmi:** <https://fcr.org/families>  
**Florida Departman Edikasyon:** [www.fldoe.org](http://www.fldoe.org)
- ✓ **Just Read, Florida! – Jis Li Florid:** <http://www.fldoe.org/academics/standards/just-read-fl/>
- ✓ **Celebrate Literacy Week-Semenn Selebre Literasi:**  
<https://www.fldoe.org/academics/standards/just-read-fl/celebrate-literacy-week/>
- ✓ **Resous pou Paran:** <http://www.fldoe.org/academics/standards/just-read-fl/parents.stml>
- ✓ **Pwogram Entèvansyon nan Lektè:**  
Kit se mentò nan lekti oswa pwofesè nan saldeklas, kourikoulòm sa se yon bon gid ki enkli yon apèsi sou rechèch aktyèl nan lekti, epi leson chak semenn nivo entèmedyè pou lektè ki gen difikilte.  
<http://www.fldoe.org/core/fileparse.php/7539/urlt/manual.pdf>
- ✓ **Konsèy pou Paran:** Sijasyon pou lekti ak konsèy pou paran timoun ki nan laj frekante lekòl.  
<http://www.fldoe.org/core/fileparse.php/7539/urlt/Parent-Tips.pdf>
- ✓ **Kit Aktivite Lektè Diran Lete:** Bonjan konsèy pou lekti diran lete!  
<http://www.fldoe.org/core/fileparse.php/7539/urlt/kit.pdf>



- ✓ **50 Aktivite pwomote edikasyon nan medya dijital:**  
<http://www.fldoe.org/core/fileparse.php/16290/urlt/50APDMLS.pdf>
- ✓ **The Grocery Store-**Makèt: Mande pitit ou kreye yon lis pwovizyon, kontwole acha oswa ankò mande li matche kupon ak pwodi ki sou etajè.
- ✓ **REL: Supporting your Child's Reading at Home-**REL Sipòte Lekti Pitit ou Lakay:  
<https://ies.ed.gov/ncee/rel/Products/Region/southeast/Resource/100679>
- ✓ **Florida B.E.S.T. Standards for ELA:** Depatman Edikasyon Florid (FLDOE) founi resous pou Elèv ak Paran.  
[www.fldoe.org/core/fileparse.php/7539/urlt/elabeststandardsfinal.pdf](http://www.fldoe.org/core/fileparse.php/7539/urlt/elabeststandardsfinal.pdf)
- ✓ **National Center for Improving Literacy-**Sant Nasyonal pou Amelyore Literasi: Ede pitit ou fè lekti epi ekri, aplike lide, estrateji ak teknik pratik baze sou sa ki ka ede li reyisi. <https://improvingliteracy.org/family>
- ✓ **New World's Reading Initiative-**Inisyativ Lekti New World: Devlope ladrès ak abilite lekti pitit ou avèk liv gratis ke yo va delivre lakay ou!  
<https://www.newworldsreading.com/fl/en/home.html>
- ✓ **New Worlds Reading Scholarship Accounts-**Bous Lekti New Worlds Louvri yon Kont Lekti:  
<https://www.fldoe.org/schools/school-choice/k-12-scholarship-programs/reading/>
- ✓ **Starfall:** Sit entènèt pou anseye nosyon bazik lekti. Prezantasyon liv entèaktif ak jwèt fonik. [www.starfall.com](http://www.starfall.com)
- ✓ **UFLI Parent Resource Hub- UFLI Sant Resous pou Paran:** Yon koleksyon resous langaj ak literasi disponib sou sit entènèt.  
<https://education.ufl.edu/uflire/resources/parent/>
- ✓ **Wonderopolis:** Yon sit entèaktif pou tout moun 'ki vle dekouvri/esplòre tout kalite konesans.' Opòtinite fè tout fanmi an patisipe. <http://wonderopolis.org/>

### **Resous siplemantè pou Literasi (Klas 3-5)**

- ✓ **Florida Assessment of Student Thinking (FAST):** Chache enfòmasyon spesifik pou elèv ak fanmi. Ransèyman yo ka enkli dat ekzamen, konprann rapò, epi Kesyon Moun Poze Souvan (Frequently Asked) <https://fsassessments.org/families.html>
- ✓ **The National Archives Museum-**Mize Achiv Nasyonal: Konsilte sit entènèt sa pou esplòre istwa nasyon nou atravè dokiman, foto, epi achiv. [www.archives.gov](http://www.archives.gov)



## Referans

Òganizasyon ak sit entènèt sa yo te sèvi kòm resous pou ede nou devlope Plan-Lekti-Lakay.

American Speech-Language-Hearing Association: Aktivite pou ankouraje pale ak langaj  
<http://www.asha.org/public/speech/development/Parent-Stim-Activities/>

Colorin Colorado!  
<http://www.colorincolorado.org/reading-tip-sheets-parents>

FAST Portal  
<https://flfast.org/fsa.html>

Florida Center for Reading Research  
<http://www.fcrr.org/curriculum/curriculumForParents.shtm>

Florida Department of Education  
<https://www.fldoe.org/academics/standards/just-read-fl/nwri.stml>  
<https://www.fldoe.org/schools/school-choice/k-12-scholarship-programs/reading/>  
<https://www.fldoe.org/accountability/assessments/k-12-student-assessment/best/>

Get Ready to Read  
<http://www.getreadytoread.org>

Just Read, Florida!  
<https://www.fldoe.org/academics/standards/just-read-fl/>

Reading Partners  
<http://readingpartners.org/blog/5-easy-ways-parents-can-increase-their-childs-reading-fluency>





## **The School Board of Broward County Florida**

600 SE Third Avenue Fort Lauderdale, FL 33301

754-321-0000

[www.browardschools.com](http://www.browardschools.com)

**Lori Alhadeff, Chair**

**Debra Hixon, Vice Chair**

**Torey Alston**

**Brenda Fam**

**Daniel P. Foganholi**

**Dr. Jeff Holness**

**Sarah Leonardi**

**Nora Rupert**

**Dr. Allen Zeman**

**Dr. Howard Hepburn, Superintendent of Schools**

### **Office of Academics**

Saemone Hollingsworth, Chief Academic Officer

### **Elementary Learning Department**

Melissa Holtz, Director

The School Board of Broward County, Florida, entèdi direktiv oswa pwosedi ki lakòz diskriminasyon baze sou laj, koulè po, andikap, idantite seksyèl, espresyon seksyèl, nasyonalite, eta sivil, ras, relijyon, sèks, oswa oryantasyon seksyèl. Moun ki vle pote plent kont diskriminasyon ak/oswa arasman ka telefone Direktè Ekzekitif, Benefits & EEO Compliance nan nimewo 754-321-2150 oswa Teletype Machine (TTY) 754-321-2158. Dapre amannman lwa Americans with Disabilities Act Amendments Act of 2008, (ADAAA) moun andikape ki bezwen adaptasyon ka telefone Equal Educational Opportunities (EEO), nimewo telefòn 754-321- 2150 oswa Teletype Machine (TTY) 754-321-2158.

***Pou enfòmasyon adisyonèl,***

***Tanpri kontakte depatman Elementary Learning Department, telefòn 754-321-1850.***